

Subject Line: Mizajou sou COVID-19 ki gen pou wè ak Biwo Jesyon Pwopriyete yo

Chè Rezidan NYCHA yo,

Ajans Lojman Vil New York (New York City Housing, NYCHA) t ap kolabore depre ak Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (NYC Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) pou siveye Kowonaviris (COVID-19) la, epi dapre rekòmandasyon yo te bannou, nou vle enfòme w konsènan nouvo mezi Otorite Lojman an ap pran pou bay sante ak sekirite rezidan ak anplwaye nou yo priyòrite epi ede anpeche COVID-19 la simaye.

N ap travay di pou asire gen sèvis debaz ak sèvis ijans san rete nan tout site rezidansyèl nou yo.

Koumanse madi 17 mas, biwo administrasyon pwopriyete NYCHA yo pral ouvè, men yo pral kanpe reyinyon fas-a-fas ak rezidan yo pou ranfòse mezi distans sosyal yo, konfòmeman ak rekòmandasyon DOHMH yo. Estaf biwo pwopriyete yo pral kontinye ede rezidan yo nan telefòn, imèl ak nan rankont sou randevou pou pale ak estaf la, menmsi yo pral rete dèyè gichè resepsyon an. Tanpri pa antre konsa nan biwo administrasyon pwopriyete w lan si ou pa gen randevou, sof si li vrèman nesèsè. Nou pral re-evalye politik sa a nan 30 jou.

Biwo Administrasyon Pwopriyete yo pral disponib pou bay sèvis tankou:

- **Akseptè dokiman nan biwo a oswa nan imèl; rele pou pwograme yon randevou.**
- **Diskite enfòmasyon konfidansyèl nan telefòn oubyen nan biwo a; rele pou pwograme yon randevou.**
- **Akseptè preyavi kote ou endike entansyon w pou w kite lojman ou an epi pote tounen kle yo oubyen demann pou chanjman silenn / bwat a lèt oubyen kopi kle; rele pou pwograme yon randevou pou depoze oswa vin chèche.**
- **Akseptè nan telefòn oswa imèl repons pou Sondaj sou Avi Anyèl pou Pwoteksyon Griy nan Fenèt ak Timoun ki Poko Gen 6zan.**

Nou mande pou w kowopere avèk nou pandan n ap bay sèvis ki modifiye yo epi si gen yon rediksyon nan estaf la nan site rezidansyèl ou an.

Estaf NYCHA la pral kontinye fè antretyen **IJANS** ak reparasyon nan site rezidansyèl yo ak nan apatman yo.

Ijans siyifi:

- Fwit dlo
- Fwit gaz
- Pwoblèm ak elektrisite lokal
- Bagay ki sispann mache
- Sitiyasyon danjre (pa egzanzp, pwoblèm elektrik oswa danje dife)

Sepandan, n ap kape demann pou enspeksyon ak demann antretyen ki pwograme yo; n ap repwograme randevou sa yo pou yon lòt lè. Anplisdesa, nou pral rapòte pou yo lòt lè tout arè fonksyonman chofaj,

dlo cho ak dlo ki te prewa yo jiska pwochen anons la. Rezidan yo ta dwe itilize [MyNYCHA](#) pou repwograme kòmman travay yo epi soumèt demann reparasyon ijan yo.

Se pou w konnen ke si ou bezwen antretyen ann **IJANS**, estaf NYCHA la pral pran tout mezi prekosyon ki annapre yo anvan yo antre nan apatman yo:

Estaf NYCHA la pral mande si nenpòt moun nan kay la gen lafyèv, tous oswa souf li kout oubyen si yo te resevwa yon dyagnostik konfime pou COVID-19. Si nenpòt rezidan reponn “wi” pou kesyon an, yo pral mande l pou li:

1. Rete nan yon pyès apa (si sa posib) epi fèmen pòt la jiskaske reparasyon ann ijans lan fin fèt; oswa
2. Kenbe yon distans omwens 6 pye (2 mètr) ak staf la jiskaske reparasyon ann ijans lan fin fèt, si pa gen lòt pyès apa ou ka rete ladann ann atandan.

Si w chwazi pou pa reponn kesyon yo epi/oswa ou chwazi pa respekte entriksyon ki anlè yo, NYCHA pral repwograme randevou a.

Se pou w konnen ke estaf NYCHA la k ap vin nan apatman ou an pou fè reparasyon yo gendwa chwazi pou l mete yon mask oswa gan pandan l ap travay nan apatman w lan. Yo gendwa mande tou pou louvri fenèt yo nan apatman w lan pou ogmante ayerasyon an pandan reparasyon yo.

Finalman, pou anpeche Kowonaviris (COVID-19) la gaye epi pou kenbe rezidan Vil Nouyòk yo sennesof, NYCHA te anboche yon kontraktyèl pou netwaye bilding senyò yo.

Koumanse samdi 15 mas, tout 71 bilding senyò yo te netwaye pou premye ta nan pwosesis netwayaj an 2 etap la.

Rezidans yo ki pa pou senyò yo netwaye toulejou, deplizanpli souvan, grasa yon konbinezon estaf ak gadyen pwopriyete a epi lòt konpayi sèvis netwayaj adisyonèl. Y ap fè sa nan tout site rezidansyèl nou yo, ikonpri nan biwo administrasyon pwopriyete, nan lòbi ak nan zòn an komen yo. Gwoup anviwon 3,200 gadyen nou yo responsab tou pou antretyen teren, pou netwaye atè, tcheke twa yo epi retire fatra.

Nou pral kontinye bay enfòmasyon pou COVID-19 grasa kontak dirèk tout rezidan yo pa mwayen apèl otomatik, imèl, afich nan plizyè lang, MyNYCHA, afichaj nan medya sosyo chak jou epi afichaj sou sit Wèb rezidan ak anplwaye yo ak sou sit Wèb piblik yo.

N ap mande rezidan yo pou yo itilize sistèm otomatize anliy nou yo, sa ki gen ladann [MyNYCHA](#), ki se [Pòtay pou Sèvi Tèt Ou \(Self-Service Portal\)](#), ak nan kyòsk yo, pou fè tranzaksyon yo. Rezidan yo gendwa rele Sant Kontak ak Kliyan (Customer Contact Center, CCC) a nan 718-707-7771 pou rapòte ijans epi pou pwograme reparasyon antretyen ki ijan nan apatman yo ak nan site rezidansyèl yo. Reprezantan ki byen fòme ap tann apèl ou 24 sou 24, 7 jou sou 7 pou jere ijans epi pou pwograme reparasyon antretyen woutin pou lendi jiska vandredi, koumanse 6 a.m. rive minwi nan aswè.

Gen uit (8) fason pou peye lwaye w, tankou nan kourye lapòs, avèk MyNYCHA, anliy oubyen nan telefòn. Al gade nan on.nyc.gov/payrent pou jwenn plis enfòmasyon konsènan fason ou ka peye lwaye w. Dapre politik sou difikilte lokasyon ki deja egziste NYCHA an, n ap ankouraje tout fwaye kay ki sibi yon pèt revni pou yo mande yon Resètifikasyon Enterimè (Interim Recertification) pou nenpèt bès nan revni yo ki pral

dire plis pase 2 mwa; pou fè sa, yo ka jwenn aksè nan [Pòtay NYCHA pou Sèvi Tèt Ou](#) oswa rele biwo Administrasyon Pwopriyete w la pou mande yon fòm ki enprime sou yon papyè.

N a fè etap enpòtan sila yo pou kenbe kominote yo an sekirite. Nou pral kontinye ba w mizajou pou COVID-19, lè nou resevwa plis enfòmasyon. Si ou gen nenpòt kesyon oswa preyokipasyon, tanpri rele Sant Kontak ak Kliyan (CCC) an nan 718-707-7771. Si w bezwen plis enfòmasyon, al gade [sit Wèb NYCHA an](#).

Mèsi pou kowoperasyon w.

Greg Russ

Prezidan ak Direktè Jeneral

Vito Mustaciuolo

Manadjè Jeneral